SEYANS 4

Modèl Dosye Kreyatif

W.K. KELLOGG FOUNDATION

Faz 1: *Kreye yon rezime videyo*

Planifye plan pwojè videyo ou a anvan w konsakre tan pou pwodiksyon li. Itilize gid sa a pou detèmine objektif videyo a, kiyès ou vle atenn, kijan piblik lan pral gade l ak yon apèl pou poze aksyon:

Objektif Kisa objektif prensipal videyo ou an ye?	
Distribisyon Kijan moun yo pral wè videyo sa a? Kibò videyo a pral difize?	
Piblik Kiyès ki piblik kle pou videyo sa a?	
Apèl Pou Patisipasyon Èske w ap lanse yon apèl pou aksyon? Ki fason ki pi konvenkan epi brèf pou mande moun k ap gade an pou l aji?	

Faz 2: *Ekri yon tèks oswa pwen de diskisyon*

Ekri yon tèks alavans pou asire mesaj ou toujou sible. Tèks ak pwen diskisyon yo ta dwe deklarasyon brèf ki fasil pou koute epi suiv. Anvan w antre nan yon tèks, ekri kèk lide pou estrikti narasyon an apati sa ki suiv lan:

Kòmansman Kisa òganizasyon ou an ye? Kisa w ap eseye akonpli? Èske gen yon pwoblèm w ap eseye rezoud?	**Mitan** Kijan òganizasyon w lan ap abòde pwoblèm lan? Ki akonplisman kle ou ka pataje?	**Fen** Ak ki lide, enpresyon oswa emosyon w ap kite moun k ap gade an? Kisa l ap tire?

Konsèy sou fason pou ekri pi bon langaj pou videyo

- **Mwens vle di plis!** Pase tan pou chwazi langaj ou ak swen nan lide pou transmèt plis enfòmasyon. Panse ak rediksyon dire atansyon pou videyo yo sou entènèt.
- **Ekri vizyèlman** Itilize langaj ki ranfòse sa piblik ou an ap gade nan ekran.
- **Evite omonim oswa fraz ki konplike.** Asire w pawòl ou yo klè.
- **Li pwojè ou an awotvwa** pou teste lizibilite oral ak kantite tan lekti l.